

Lekòl Matènèl Invèsel Boston (Boston Universal Pre-K) : Yon Istwa li



BOSTON
Public Schools

1873

- ▶ Boston te admi timoun laj 3 zan jiska 7 an pou sa ke yo te rele jadandanfan nan ane skolè 1873-1874. Plizyè chanjman te fêt nan laj elèv yo kapab rantre lekòl deseni ki t ap pase yo.

1934

- ▶ Pandan peryòd Gran Depresyon an, Gouvènman Federal la te akòde Boston divès fon sekou dijans pou kòmanse yon pwogram lekòl yon pepinyè (yon lekòl matènèl), pou admi timoun laj 3 jiska 5 an nan 7 lekòl nan tout Boston. Pwogram nan te ouvè pandan anviwon 7 lane. Laj rantre skolè te kontinye chanje pandan deseni suivan yo.

1998

- ▶ Boston te ouvri 3 sant edikasyon timoun piti piblik li yo.

2005

- ▶ Lekòl matènèl jounen konplè te kòmanse pou tout timoun laj 4 an aprè Majistra Thomas Menino te lanse yon apèl pou Lekòl Piblik Boston ofri li.
- ▶ Lekòl Piblik Boston te etabli Depatman Edikasyon Timoun Piti a.

2006

- ▶ Fondasyon « Barr Foundation » te pran angajman pou kontribye 3\$ milyon pou yo itilize pandan 3 lane pou elaji aksè nan lekòl matènèl, achte pwogram etid, e bay pwofesè yo antrènman/konsèy.
- ▶ Yo te itilize pwogram etid « OWL » ak « Building Blocks » nan tout pwogram yo.

2007

- ▶ Patenarya Pratik Rechèch Edikasyon Timoun Piti Boston an (RPP) te kreye pou etidyé rezulta ki pwodui pami timoun piti nan Boston e andeyò vil la.

2013

- ▶ Jadandanfan K1 Boston nan Anviwònman Divèsiye (K1DS) te kòmanse an janvye 2013. Patenarya sa ki te dire 2,5 lane, te etabli ant Lekòl Piblik Boston, « Thrive in 5 », ak divès founisè òganizasyon kominotè, te elaji pwogram matènèl Lekòl Piblik Boston an jiska 14 sal de klas kominotè. Boston K1DS te

kontinye jiska jen, 2015.

2014

- ▶ Yo te akòde Eta Massachusetts 15\$milyon atravè Sibvansyon Ekspansyon Lekòl Matènèl la (PEG), avèk Boston kòm youn nan senk vil patisipan.
- ▶ Yo Ekip RPP a te kòmanse Etid pou sipòte devlopman nan jadandanfan, chèche evalye enpak lekòl matènèl Boston pou l kenbe timoun yo nan klas, plasman edikasyon espesyal, ak nòt egzamen jis nan fen twazyèm ane

2015

- ▶ BPS te lanse pwogram etid « Focus on Pre-K » (Konsantre sou Lekòl Matènèl) pou timoun laj 4 an.
- ▶ Boston te resevwa jis plis pase 4\$ milyon atravè Sibvansyon Ekspansyon Lekòl Matènèl la. PEG te kreye yon patenarya ant Lekòl Piblik Boston, Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti Massachusetts la, ak divès founisè kominotè nan Boston pou elaji lekòl matènèl wo kalite. Finansman te kontinye jiska desanm, 2019.

2016

- ▶ Komite Konsiltatif inogiral Lekòl Matènèl Invèsel Boston an te pibliye rapò konsilitatif li a an avril, 2016 : "Investing in Our Future: Recommendations to Inform City Planning for High-Quality Universal Pre-Kindergarten in Boston" (Envesiti nan fiti nou : Divès rekòmandasyon pou enfòme planifikasyon vil pou Lekòl Matènèl Invèsel de Wo Kalite), sou gidans pou etabli lekòl matènèl invèsel nan Boston.
- ▶ Etid ExCEL P-3 (etid sou devlopman aprantisaj timoun piti soti nan Jadandanfan jiska klas elemantè/Expanding Children's Early Learning from Pre-K to Third Grade Study), fè pati RPP e MDRC ap dirije, te kòmanse lè premye gwoup elèv yo te rantre nan lekòl matènèl Boston, nan sezon otòn 2016 la. Etid longitudinal sa a egzamine enpak diferan faktè sou rezulta elèv lekòl matènèl ak jadandanfan.

2018

- ▶ Liv Children at the Center (« Santre sou Timoun ») te pibliye an janvye 2018, ki te kreye yon kont devlopman pwogram pwospè lekòl matènèl Boston an.

2019

- ▶ Etid Lekòl Matènèl Invèsel Boston an (Boston Universal Pre-K) - yon emplémentasyon metòd melanje pwogram metòd melanje Lekòl Matènèl Invèsel la nan Boston - te kòmanse an janvye, 2019.
- ▶ Majistra Boston an, Marty Walsh, te anonse yon envestisman 15\$ milyon nan UPK an avril, 2019, pou garanti aksè ekitab nan lekòl matènèl wo kalite gratis pou tout timoun laj 4 an nan Boston.
- ▶ Inisyatif Lekòl Matènèl Invèsel Boston an (Boston Universal Pre-K) te kòmanse ofisyèlman nan lane skolè 2019-2020 an, pandanke Lekòl Piblik Boston t ap kòmanse finanse divès founisè kominotè pou yo elaji aksè nan lekòl matènèl invèsel wo kalite.

2020

- ▶ Konsèy Fanmi pou Timoun Piti a « Early Childhood Family Council » te lanse pandan ane skolè 2020-2021 an kòm pati modèl gouvènans UPK a pou ede fanmi fanmi yo angaje avèk Lekòl Piblik Boston e resevwa kèk reykasyon sou pwogram etid timoun piti a ak divès eleman pwogram nan.

2021

- ▶ Majistra Boston Kim Janey te anonse an janvye 2021 ke UPK t ap sèvi timoun laj 3 zan kòm pati ekspansyon kontinyèl k ap fêt la ak pou reponn a pandemi COVID-19 la.
- ▶ UPK Boston te kòmanse sèvi yon kantite timoun laj 3 zan limite anplis de timoun laj 4 an nan yon nouvo pwogram pilòt pandan ane skolè 2021-2022.

2022

- ▶ Majistra Boston Michelle Wu te anonse kreyasyon Biwo Timoun Piti Vil Boston an, an fevriye, 2022 - pou sèvi fanmi ki gen timoun laj 0 jiska 5 e entegre swen pou yo yon meyè fason nan plizyè kad.
- ▶ Majistra Boston Michelle Wu te anonse yon envestisman 20\$ milyon an janvye 2022 pou ane skolè 2022-2023 a pou elaji pwogram UPK Boston an, pi gwo angajman finansman 1 an ki janm fêt jiskamètnan. Ekspansyon (elajisman) sa a te enkli yon nouvo fòmil, yon ogmantasyon plas nan divès anviwònman founisè òganizasyon kominotè, e li gen plan pou l sèvi sant swen/gadri pou fanmi

Lekòl Matènèl Inivèsèl Boston (Boston Universal Pre-K) : Yon Istwa li



BOSTON
Public Schools

pandan ane skolè 2023-2024 la.

- Depatman Timoun Piti Lekòl Piblik Boston an ak Pwojè Finansman Timoun nan te fin kowòdine yon gwoup travay en an konpoze de divès patnè konsakre pou devlope yon modèl depans pou enfòme finansman sal de klas kominotè UPK yo. Modèl finansman an te refòmile pou sèvi founisè yo pi byen nan fason I finanse tout yon klas an antye olye de elèv patikilye.

2022

- Ekip RPP la te kòmanse Enpak Pwogram Lekòl Matènèl Inivèsèl Boston an atravè Etid Laj Jèn Adilt la an jiyè, 2022, pou chèche estime enpak lekòl matènèl inivèsèl Boston sou pwogrè elèv yo lekòl, angajman lekòl yo, reyisit akademik, trajektwa edikasyonèl, ak atent (reyalizasyon) edikasyonèl jiska laj 20 an.
- Pwogram etid Focus on 3s (Konsantre sou 3) a te lanse pandan lane skolè 2022-2023 pou sal de klas ki gen timoun lekòl mantènèl laj 3 an ladan yo.

2023

- Yon gwoup travay en an konpoze de manm pèsonèl Lekòl Piblik Boston, founisè swen/gadri timoun (FCCs), ak lòt patnè te fini travay li pou l preparasyon pou entegre founisè swe/gadri timoun yo nan pòtfèy (pòtfolyo) UPK Boston an.
- UPK Boston pibliye premye fòmilè demann li a patikilyèman pou divès founisè swen/gadri pou timoun pou yo patisipe nan pòtfèy (pòtfolyo) pwogram nan.
- Planifikasyon inisyal pou yon pwogram etid Focus ki aliyen pou plizyè laj, pou timoun piti jiska laj 4 an.

Note ke : Istwa a/Kwonoloji a te pibliye an jiyè 2023